

# PLAN REPOS IMANITÈ

Lesansyèl  
AYITI

PWOESIS  
PWOGRAMASYON IMANITÈ  
**2023**  
PIBLIE NAN MWA DAVRIL 2023



# Koudèy sou plan repons lan

MOUN KI NAN BEZWEN	MOUN KI SIBLE	FINANSMAN NESESÈ
<b>5,2M</b>	<b>3,2M</b>	<b>719,9M</b>

## Yon repons ki santre sou:

Yon asistans ak tout sektè yo pou reponn ak bezwen vital, epi amelyore kondisyon lavi moun ki vilnerab yo nan yon anviwonman ki pap mete yo an danje.

Aksyon pou rann popilasyon an pi fò pou li kapab fè faskare ak chòk

## Repons planifye pou chak sektè

Secteur	Moun ki nan bezwен	Moun ki sible	Bezwен Sible	Finansman nesesè
 Ensekirite alimantè	4,9M	2,4M	<div style="width: 50%;"><div style="width: 25%; background-color: #007bff;"></div><div style="width: 75%; background-color: #f0f0f0;"></div></div>	\$420M <div style="width: 100%; background-color: #ff9933;"></div>
 Dlo, ijjèn ak sanitasyon	3,3M	1,6M	<div style="width: 50%;"><div style="width: 25%; background-color: #007bff;"></div><div style="width: 75%; background-color: #f0f0f0;"></div></div>	\$64,4M <div style="width: 10%; background-color: #ff9933;"></div>
 Abri/BNA	4,2M	405K	<div style="width: 50%;"><div style="width: 5%; background-color: #007bff;"></div><div style="width: 95%; background-color: #f0f0f0;"></div></div>	\$57,8M <div style="width: 10%; background-color: #ff9933;"></div>
 Edikasyon	4,0M	1,6M	<div style="width: 50%;"><div style="width: 25%; background-color: #007bff;"></div><div style="width: 75%; background-color: #f0f0f0;"></div></div>	\$50M <div style="width: 10%; background-color: #ff9933;"></div>
 Pwoteksyon	1,9M	1,2M	<div style="width: 50%;"><div style="width: 25%; background-color: #007bff;"></div><div style="width: 75%; background-color: #f0f0f0;"></div></div>	\$42,1M <div style="width: 10%; background-color: #ff9933;"></div>
 Pwoteksyon general	1,9M	150k	<div style="width: 50%;"><div style="width: 5%; background-color: #007bff;"></div><div style="width: 95%; background-color: #f0f0f0;"></div></div>	\$1,8M <div style="width: 5%; background-color: #ff9933;"></div>
	1,2M	548k	<div style="width: 50%;"><div style="width: 10%; background-color: #007bff;"></div><div style="width: 90%; background-color: #f0f0f0;"></div></div>	\$20,1M <div style="width: 10%; background-color: #ff9933;"></div>
	52k	52k	<div style="width: 50%;"><div style="width: 5%; background-color: #007bff;"></div><div style="width: 95%; background-color: #f0f0f0;"></div></div>	\$8,2M <div style="width: 5%; background-color: #ff9933;"></div>
	506k	332k	<div style="width: 50%;"><div style="width: 5%; background-color: #007bff;"></div><div style="width: 95%; background-color: #f0f0f0;"></div></div>	\$12,1M <div style="width: 5%; background-color: #ff9933;"></div>
 Nitrisyon	779k	779k	<div style="width: 50%;"><div style="width: 5%; background-color: #007bff;"></div><div style="width: 95%; background-color: #f0f0f0;"></div></div>	\$31,7M <div style="width: 5%; background-color: #ff9933;"></div>
 Sante	4,5M	1,8M	<div style="width: 50%;"><div style="width: 25%; background-color: #007bff;"></div><div style="width: 75%; background-color: #f0f0f0;"></div></div>	\$30,7M <div style="width: 10%; background-color: #ff9933;"></div>
 CCCM	201k	108k	<div style="width: 50%;"><div style="width: 5%; background-color: #007bff;"></div><div style="width: 95%; background-color: #f0f0f0;"></div></div>	\$3,3M <div style="width: 5%; background-color: #ff9933;"></div>
 Lojistik	-----	-----	-----	\$15,8M <div style="width: 5%; background-color: #ff9933;"></div>
 Kòdinasyon	-----	-----	-----	\$4,1M <div style="width: 5%; background-color: #ff9933;"></div>

# Kontèks, enpak chòk yo ak analiz bezwen yo

Depi 2021, gang yo anviwonnen zòn Pòtoprens lan, kote zak asasinay, kidnapin ak kadejak ap fèt chak jou. Alèkile, aktivite gang yo pa sèlman nan Pòtoprens, men yo rive pran gran nò a ki se youn nan zòn ki pwodwi anpil manje nan peyi a. Nap asiste aksyon sa yo nan moman kote prèske mwatye popilasyon an nan grangou. Ensekirite a kap vale tèren, kontinye ap mete plizyè milye moun deyò lakay yo, anpeche moun jwenn sèvis, san konte posibilité ki genyen pou nou pèdi tout jefò ki fèt pou batay kont epidemi Kolera a ki te deklare nan dat ki te 2 oktòb 2022.

## Kontèks sosyal, politik ak ekonomik.

Depi zak asasinay sou prezidan Jovenel Moise nan mwa jiyè 2021 an, Ayiti ap fè faskare ak yon sitiyasyon politik mete sou yon ensekirite san parèy. Sitiyasyon sa makonnen ak yon resesyon ekonomik pandan twa lane youn aprè lòt. Enflasyon an depase 48 pouzan PIB a. Soti nan dat sa pou rive jodia, goud la pèdi anviwon 65 pouzan nan valè li. Daprè Bank Mondyal, prèske 90 pouzan ayisyen ap viv nan mizè, e ladan yo, gen 1/3 kap viv nan yon mizè ekstrèm (2,15\$/jou). Lavi chè, ensekirite, rate gaz ak anons gouvenman pou retire sibvansyon sou gaz la anjandre yon seri manifestasyon ki konn pafwa gen vyolans. Nan menm peryòd sa, gang yo te bloke pi gwo tèminal petwolye peyi a pandan plizyè mwa. Blokaj sa paralize aktivite nan tout sektè nan peyi a, epi anpeche popilasyon an rive jwenn sèvis ki nesesè yo. Li pat fasil pou aktè imanitè yo pote asistans ak popilasyon ki nan bezwen.

## Plis pase 300 gang an Ayiti, ladan yo 100 a 150 nan zòn Pòtoprens lan.

Depi plis ke 20 lane, gang pran kontwòl kèk pati nan peyi a. Nan 300 gang ki idantifye, plis ke mwatye ap opere nan zòn Pòtoprens lan e zak yap komèt yo mache ak enterè politik ak ekonomik. Nan lane 2021, gang yo vin gen plis pouvwa, yo rive anviwonnen zòn pòtoprens lan kote yo kontwole 80 pouzan ladanl. Yo devlope anpil taktik e regwoupe, sa ki rann yo pi fò. Batay ant gang pou yo gen plis katye, e awfowntman ak lapolis nasyonal la kreye yon sitiyasyon kote anpil moun ap viv ak laperèz. Vyolans lan touche pi fò moun kap viv nan kapital la, epi anpeche yo sikile ak jwenn bon jan sèvis.

## You kriz pwoteksyon tèt chaje.

Vyolans seksyèl la rive nan yon nivo kritik kote gang yo itilize li tankou faz 5 ki se faz katastwofik. Rezulta sa soti nan jefò aktè imanitè yo, nan dènye mwa yo, ki te rive asiste 30 pouzan popilasyon ki te sible nan site solèy. Si nan peyi a to prevalans pou malnitrison grav (MAS) lan se 2,1 pouzan, nan kapital la sitiyasyon an bay kè sote ak yon prevalans ki prèske 3 pouzan.

## Jwenn ti moso laswenyay pa fasil.

Rive jwenn ti moso laswenyay se yon kokenn chenn pwoblèm pou popilasyon ayisyen an pandan kolera retounen nan peyi a. Aprè 2 ka te fin deklare nan zòn metwopolitèn nan, epidemi an ta pral vale teren byen vit kote plis pase 35 000 ka sispèk ta pral anrejistre nan mwa mas 2023. Plis pase mwatye nan ka sa yo se timoun. Malgré tout pwoblèm lojistik ki lye ak rate gaz kap repete, zak gang, moun ki kalifye pou bay swen kap kite peyi a pa pakèt, pwoblèm entran ki afekte anviwon 16 sou 22 pi gwo lopital peyi a, pèsònèl sante, gouvenman ayisyen an nan tèt kole ak patnè li yo rive diminye kantite moun kap enfekte ak maladi kolera a chak jou.

## Yon ka nan popilasyon ayisyèn nan ap bwè dlo ki pa trete.

Rive jwenn dlo pwòp ak lòt sèvis lijyèn ak sanitasyon nan peyi Dayiti pa fasil ditou, sitou pou moun ki ap viv andeyò yo oubyen nan zòn ki pa twò lwen vil yo. Nan done ki disponib, nou kapab rapòte 55 pouzan menaj ki rive jwenn dlo trete epitou 61 pouzan pa genyen latrin amelyore. Jounen jodi a jwenn dlo trete toujou rete yon defi ak youn nan prensipal kòz ki ka fè epidemi kolera pwopaje nan peyi a.

## Zak vyolans yo oblige plizyè milye moun kouri kite kay yo.

Zak vyolans yo ki ap miltipliye chak jou nan pòtòprens ak zòn ki antoure l yo oblige anviwon 128 000 moun deplase kite kay yo. Plis pase 2 500 moun nan Sid ak Grandans toujou poko tounen lakay yo aprè tranblemanntè 14 dawout 2021 an. Nan done ke nou jwenn nan matris ki pèmèt nou swiv moun ki deplase yo (Displacement Tracking Matrix DTM, nan lang anglè), 62 pouzan moun ki kouri kite zòn vyolans nan vil yo, al pran refij nan lòt zòn kay zanmi ou fanmiy kote kondisyon lavi moun yo te deja difisil. Nan mwa desanm 2022, zak vyolans gang yo ap komèt te rive travèse fwontyè zòn metropolitèn nan pou tabli kò yo nan depatman latibonit, kote anviwon 8 500 moun ta pral oblige sove kite kay yo.

Yon zam pou terorize popilasyon an. Malvèsasyon ak zak kriminèl gang yo rive nan yon nivo san parèy. Daprè HCDH, 1 119 kidnapin fèt nan ane 2022 a, sa ki reprezante anviwon 3 kidnapin chak jou. Nan 3 premye mwa nan ane sa, yo touye/rache pou pi piti 807 moun (plis pase 107 pouzan konpare ak dènye trimès nan ane 2022 a), 746 moun blese (plis pase 114 pouzan) ak 627 moun kidnape (plis pase 125 pouzan). Sistèm ki bay enfòmasyon sou sante (SISNU) anrejistre 16 470 zak vyolans ki fèt sou fanm/tifi, gason/tigason nan ane 2022 a.

Anpil viktим pa rive jwenn jistis akoz yo pè move pawòl moun ka di sou yo ak reyakson agresè yo. An plis de sa, nan anpil katye pa gen prezans lapolis pou yo pote plent, epi fay nan sistèm jistis la pa favorab ak yo. Nou kapab ajoute ke anpil viktим pa jwenn akonpayman ak swen ke ka yo mande paske pa gen sant sante oubyen lopital ki tou pre yo, ak pri transpò ki konn twò chè pou yo. Timoun yo, sitou sila yo kap viv nan zòn ki sou kontwòl gang yo, se youn nan kategori ki plis sibi move sitiayson ekonomik, sosyal ke ensekirite a kreye.

## Mwatye popilasyon an nan ensekirite alimantè grav (IPC 3+).

Ayiti se youn nan peyi ki gen nivo enskirite alimantè ki pi wo nan mond lan avèk mwatye popilasyon li ki nan ensekirite alimantè grav. Daprè rezulta IPC pou peryòd mas – jen 2023, 18 pouzan popilasyon ki analize a nan ijans alimantè (faz 4), 31 pouzan nan kriz alimantè (faz 3), yo pa ka manje byen. Antou, se 49 pouzan popilasyon an ki bezwen yon repons rapid pou proteje

lavi yo ak mwayer yo genyen pou yo viv. Nou remake yon amelyorasyon nan zòn site solèy ki te genyen 5 pouzan popilasyon (20,000 moun) li nan.


## Nan sitiayson dezespwa sa a, plis moun oblige ap kite peyi a, pandan lòt peyi yo kontinye ap fòse ayisen retounen lakay yo.

Si nou baze sou done òganizasyon entènasyonal pou migrasyon(OIM nan lang fransè a) pibliye, depi mwa jiyè 2022 kantite ayisen ke lòt peyi fòse tounen an Ayiti sou bato oubyen avyon te gentan depase chif ki te anrejistre pou tout lane 2021 an. Pou lane 2022 a, Republik Dominikèn se youn nan peyi ki voye plis ayisen retounen, kantite a te rive jiska 154 333. Moun sila yo te retounen nan move kondisyon kote dwa yo pat respekte. Nou kapab site kòm egzanp timoun ki te poukont yo ak tout inifòm lekòl, oubyen ayisen yo fòse tounen malgre yo genyen papye idantite epi legal nan peyi sa. Nan mwa septanm 2022, manifestasyon, blokaj wout ak aktivite gang te oblige kèk peyi fè yon kanpe sou voye ayisen retounen an Ayiti paske kondisyon yo pat reyini pou resevwa yo. Pat gen okenn garanti sou sekirite moun sila yo ak kantite tan yo pral rete pandan retou yo nan peyi a.

## Zak vyolans kont lekòl yo miltipliye pa 9.

Daprè UNICEF, atak kont lekòl (vòl, piyaj) ak zak kidnapin sou anseyan ak elèv miltipliye pa 9 nan ane 2022 a, konpare ak 2021. Nan 4 premye mwa ane lekòl sa (sòti oktòb lane 2022 pou rive fevriye 2023), 72 lekòl te viktим; poutan nan menm peryòd sa nan lane avan an, nou te kapab konte 8 lekòl ki te viktим. Nan depatman Gran sid yo, difikilte pou jwenn gaz mete sou pwoblèm bandi yo te deja ap kreye, te ralanti jefò ki t ap fèt pou te rive remete kanpe 1 250 batiman lekòl ki te kraze nan tranblemanntè 14 dawout 2021 an. Pwoblèm lajan, ensekirite ki ap vale tèren, ak twoub sosyal, te lakòz ane lekòl la ki te dwe kòmanse nan mwa septanm, repòte jis nan mwa novanm 2022. Malgre anpil lekòl ta pral louvri pòt yo reyèlman nan kòmansman ane 2023 a, sa pat anpeche nou konstate ke anpil elèv te nan difikilte pou yo retounen lekòl (**yon ti koudèy nan HNO a**) sa ki ka rann yo disponib pou aktivite gang yo.

# Repons planifye pou chak depatman



# Tandans istorik

Prèské mwatye popilasyon ayisyen an bezwen yon asistans imanitè nan ane 2023, chif sa depase pi gwo estimasyon ki te fèt nan lane 2020 (plis ke 300 000 moun an plis). Depi 2010, ki se lane kote te gen yon koken-nchenn tranblemanntè, Ayiti te sibi plizyè chòk natirèl ak ijans sanitè tankou ouragan Matyou an 2016, Korona an 2020, tranblemanntè 2021 nan gran sid, ak Kolera a ki tounen nan 2022 a. Tout chòk sa yo vin makonnen ak yon pwoblèm ensekirite ki ap vin pi mal chak you.

Pezape gang yo ap kontwole kapital peyi a, epi yap batay pou yo gen plis teritwa. Nan rejon agrikòl yo, tankou nan nò ak nan sid peyi a, aktivite gang yo ap kontinye. Sitiyasyon sa antrene peyi a nan yon vyolans san fen ki gen gwo konsekans negativ sou endikatè imanitè yo. Kantite moun ki deplase akoz vyolans nan zòn Pòtoprens lan double ant 2021 ak 2022 (soti nan 68 000 pou rive 155 000). Kantite moun ki gen gwo pwoblèm lamanjay soti nan 4.7 milyon nan analiz septanm nan pou pase a 4.9 milyon pou peryòd mas-jen 2023 a. Yo estime ke ap gen 260 000 timoun ki malnouri an 2023 ; sa ki fè 21 poustan anplis ke 2022. Se yon dividal endikatè ki montre kouman sitiayson imanitè a degrenngole.

Nan lane 2022, plan repos imanitè a te finanse a mwatye. Se youn nan pi gwo finansman ke plan repos ki pase yo pa janm konnen. Nivo finansman sa kapab jwenn esplikasyon li nan finansman kriz kolera a. Soti

2018 pou rive 2022, finansman plan repos imanitè yo pa te janm depase 30 poustan.

Pou lane 2023, patnè imanitè yo estime ke yap bezwen 720 milyon dola ameriken pou yo reponn ak bezwen imanitè nan peyi a. Montan sa prèske 2 fwa sa ki te mande pou 2022, e li depase tout montan.


Gen plizyè faktè ki esplike demand finansman sa (sou rezon ki fè kòb la monte konsa) tankou i) bezwen yo ki vin pi plis, ii) mwayen lojistik yo ki vin koute plis akoz ensekirite ak pwoblèm aksè iii) enpak global lagè nan peyi Ikrèn sou ogmantasyon pri yo ak pri entrant imanitè yo ki pa epaye Ayiti. Kidonk, pou ane 2023, pri mwayen you moun ki nan bezwen imanitè an Ayiti ogmante de 53 poustan, pandan l soti de 149 a 229 dola pou chak benefis.

## KANTITE MOUN KI NAN BEZWEN VS SIBLE



Ke yo mande depi 2010 chak ane.

## FINANSMAN NESESÈ



# E si nou pa reponn?

## Abri/ANA

Si pa gen yon repons pou adrese bezwen yo, plis pase 400 000 moun pap jwenn kote pou yo rete ak eleman bazik pou yo sèvi. Sitiyasyon sa ap fonse moun ki pi vilherab yo tankou fanm, timoun, andikape, granmoun, nan plis mizè e yap vin pi frajil ak tout sa ki gen pou wè ak proteksyon tankou vyolans kap fèt sou fanm/fi, ak gason/ti gason. Mete sou sa, si pa gen bon jan kay pou moun yo rete, diskisyon ak presyon nan fanmiy ka ogmante. Fanm ak gason ka preske pa gen entimite, e sa ka kreye anpil fristrasyon ak vyolans nan fanmiy yo.

## CCCM

Si aksyon imanitè ki pi ijan pa rive fèt nan sektè CCCM nan, kondisyon lavi moun sou sit yo ap vin pi mal, e se ap yon katastwòf sitou pou sit ki nan zòn difisil yo. Sèlman kèk sit kote patnè yo ka rive ap ka resevwa you asistans men ki pap konplè. Kondisyon lavi moun sou sit yo ap degrenngole e problèm proteksyon yo pap rezoud. Moun ki pi vilnerab yo tankou andikape yo pap jwenn asistans.

## Dlo, ijyèn ak sanitasyon

Si pa gen repons, gen posibilité pou moun ki nan bezwen yo trape maladi ki gen rapò ak dlo ki pa trete, bon jan lijyèn ak sanitasyon, tankou kolera. Kòm konsekans, kantite moun kap enfekte e ki ka mouri ak maladi sa yo ap ogmante.

## Edikasyon

Si nou pa mete kondisyon pou jwenn bon jan ledikasyon, pwoteksyon ak sekirite, e si sektè a pa rive mobilize lajan pou byen kòdone epi reponn a bezwen sa yo (nan yon tan kout, ak mwayen), li pral vin enposib pou nou chanje tandans bezwen yo.

Nan peyi d Ayiti, fonksyonman lekòl gen yon pakèt enpak sou lòt aktivite ekonomik. Lè lekòl ap fonksyone sitou nan zòn ki gen vyolans yo, gen you pil lòt aktivite ki fonksyone tankou transpò publik, ti komès, elatriye. Lekòl se sèl aktivite ki montre gen lavi nan zòn konplike yo. Problèm

ke lekòl ap konfronte jodia, li pa sèlman lye ak kantite jounen lekòl ke timoun yo pèdi, men tou se you pwoblèm mantal (twoma) ak vyolans ke elèv yo, paran, ak anseyan ap kontrekare chak jou.

## Sekirite alimantè

Lè nap gade fason pri pwodwi premye nesesite (panye alimantè) ap ogmante, kote I te rive nan 88 pousan nan mwa feviye 2023, li ap difisil nan ane sa pou fanmi ki pi vilnerab yo rive jwenn lamanjay san kout men aktè imanitè yo. Avèk tout chòk ki frape sektè ekonomik la, fanmi yo vin pa kapab fè fas ak tout depans yo dwe fè pou yo viv, pamí yo depans pou lamanjay.

Si nou al gade nan rezulta rapò ENSSAN pou 2022 a, nou ap jwenn 39 pousan moun ki ankete ki rapòte ke se mank ankadreman, epi yon lòt 38 pousan rapòte ke se entran ki twò chè ki anpeche yo fè jaden nòmalman epi limite pwodiksyon agrikòl la. Nan ka sa, si pa gen okenn akonpayman pou agrikiltè yo, yap pèdi anpil opòtinite pou lajan rantre nan pòch yo ak pou yo jwenn lamanjay ki soti nan jaden yo.

## Sante

Sistèm sante ayisen an prèske efondre, mete sou sa pil pwoblèm ekonomik ak ensekirite ki ap taye banda, lakòz kantite lajan ki rantre nan kès leta a fèb. Si pa gen okenn repons ki bay, sitou nan koze lajan, enpak kriz sila sou moun ki ka mouri kapab debouche sou yon katastwòf, sitou pamí gwoup ki pi vilnerab yo (fanm ansent, fanm ki ap bay tete, timoun).

## Nitrisyon

Maras (Emasyasyon ki sevè), moun nan rete zo ak po, se nivo malnitrisyon ki pi grav epi ki touye plis moun. Timoun ki rive nan nivo maltrisyon sa gen 12 fwa plis chans pou mouri ke yon timoun ki ap byen manje. (referans : <https://www.unicef.fr/article/la-malnutrition-aigue-menace-la-vie-de-millions-denfants-vulnerables/>). Nan sans sa, si timoun ki rive

nan dènye nivo malnitrison ki pi grav la pa jwenn swen ki reponn ak sitiyasyon yo ye a rapid, anpil ladan yo ap mouri. Entèvansyon sa yo pral ede sove lavi plizyè

milye timoun, yo dwe rive jwenn timoun sa yo tout kote, nenpòt lè san okenn prejije.

## Kòman pote kole

### Pote kole pou plan repons imanitè a

Pou konsilte dokiman apèsi bezwen imanitè a (HNO), plan repons imanitè a (HRP), ak rapò suivi sou repons lan (PMR), epi pote kole pou finansman plan sa a nan sipò ke w ap bay òganizasyon k ap patisipe nan egzekite l, ou ka vizite sit entènèt sa yo :

<https://response.reliefweb.int/haiti>

<https://reliefweb.int/country/hti>

[fts.unocha.org](https://fts.unocha.org)

### Kontribye a travè fon santral entèvansyon ijans lan (CERF)

CERF lan se yon zouti pou finansman imanitè ki bay 3 opòtinite finansman. Pou premye opòtinite a CERF la kapab pote yon finansman rapid lè gen kriz ak ijans imanitè ki fenk parèt. Dezyèmman, CERF lan ka finanse operasyon ak kriz imanitè ki manke jwenn finansman oubyen ki pa jwenn ditou. Yon twazyèm fason ki toujou nan nivo eksperimentasyon ka pèmèt nou antisipe evenman yo ak chòk yo. Lajan CERF lan, ki se yon fon ke OCHA jere, li la sèlman pou aksyon imanitè ki ijan e ki nesesè an premye pou sove lavi moun. Fon sa jwenn kontribisyon gouvènman, men tou fondasyon, konpayi prive, asosyasyon charite, lòt asosyasyon ak patikilye.

Pou w ka gen plis enfòmasyon sou CERF la, ak sou jan li fonksyone et kòman mete men ou ka vizite sit entènèt CERF la :

<https://cerf.un.org/>